दिन— रविवार दिनांक—18.05.2025

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

केन्द्र सरकार पाकिस्तान प्रायोजित आतंकवाद के विरूद्ध भारतक दृष्टिकोण विभिन्न देश सभक समक्ष प्रस्तुत करबाक उद्देश्य सँ सात बहुदलीय प्रतिनिधिमंडल पठा रहल अछि। संसदीय कार्य मंत्री किरेन रिजिजू कहलनि जे सात सर्वदलीय प्रतिनिधिमंडल शीघ्रहिं प्रमुख देश सभक संग वार्ता करताह। श्री रिजिजू एक सोशल मीडिया पोस्ट मे शिष्ट मंडल मे सम्मिलित सांसद आ प्रतिनिधिमंडलक सूची साझा करैत कहलनि जे ई ऑपरेशन सिंदूर के अंतर्गत भारतक सामूहिक संकल्प के प्रदर्शित करैत अछि। सूची के अनुसार भाजपा सांसद रविशंकर प्रसादक नेतृत्व मे एक समूह ब्रिटेन, फ्रांस, जर्मनी, यूरोपीय संघ, इटली आ डेनमार्क के दौरा करत। जनता दल यूनाईटेड सांसद संजय कुमार झा के नेतृत्व मे एक आन समूह इंडोनेशिया, मलेशिया, दक्षिण कोरिया, जापान आ सिंगापुर के दौरा करत। ओतहि समस्तीपुर सँ लोक जनशक्ति पार्टी सांसद शांभवी चौधरी, राष्ट्रीय जनता दल के सांसद प्रेमचंद गुप्ता आ भाजपा सांसद राजीव प्रताप रूढ़ी सेहो आन प्रतिनिधिमंडल सभ मे सदस्यक रूप मे सम्मिलित कयल गेलाह अछि।

---

हिन्दुस्तानी आवाम मोर्चा के संरक्षक आ केन्द्रीय मंत्री जीतनराम मांझी केन्द्र सरकार द्वारा सर्वदलीय प्रतिनिधिमंडल पठाओल जयबाक निर्णय के स्वागत कयलनि अछि। श्री मांझी कहलनि सभ देश के ऑपरेशन सिंदूरक पूरा आ सटीक जनतब देबाक लेल प्रधानमंत्री के ई उपयुक्त सोच अछि।

---

निर्वाचन आयुक्त विवेक जोशी अपन बिहार दौरा के तेसर दिन आइ पश्चिम चंपारण के वाल्मीकिनगर मे सशस्त्र सीमा बल, एसएसबी के अधिकारी लोकनिक संग अगिला विधानसभा चुनाक तैयारी के लऽकऽ सुरक्षा बैसक कलयनि। एहि दरमियान चुनावक अंतर्गत सीमा पर सुरक्षा प्रबंध के लऽकऽ विचार—विर्मश कयल गेल। श्री जोशी काल्हि वैशाली जिलाक फिल्ड विजिट करताह। एहि दरमियान अधिकारी लोकनिक संग चुनावक तैयारी के

लऽकऽ समीक्षा कयल जायत। विदित अछि जे निर्वाचन आयुक्त श्री जोशी के चारि दिवसीय बिहार दौरा काल्हि समाप्त भऽ रहल अछि।

——————————————————————

पूर्व केन्द्रीय मंत्री आसा पार्टी के प्रमुख आरसीपी सिंह जन सुराज पार्टी मे सम्मिलित भऽ गेलाह अछि। ओ अपन दल आसा के सेहो जन सुराज मे विलय कऽ देलनि अछि। पटना मे आयोजित एक कार्यक्रम मे जन सुराज के संरक्षक प्रशांत किशोर आरसीपी सिंह के स्वागत कयलनि। श्री किशोर कहलनि जे हुनक पार्टी मे श्री सिंह के अयला सँ जन सुराज के ताकत बढ़ल अछि आ आगां हुनक अनुभव के लाभ पार्टी के भेटत। विदित अछि जे जदयूक पूर्व राष्ट्रीय अध्यक्ष आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक विशेष खास रहल आरसीपी सिंह संबंध मे कटुता अयला के बाद ओ जदयू छोड़ि देने छलाह आ आसा नाम सँ एक नव राजनीतिक दल के गठन कयलने छलाह।

——————————————————————

राजदक वरिष्ठ नेता आ विधानसभा मे नेता प्रतिपक्ष तेजस्वी प्रसाद यादव कहलनि जे प्रशांत किशोर आ आरसीपी सिंह दुनू जदयू मे छलाह। ओ कहलनि जे ई सभ बीजेपी के संरक्षण मे भऽ रहल अछि। ओतहि, भारतीय जनता पार्टी के राष्ट्रीय प्रवक्ता सैयद शाहनवाज हुसैन कहलनि जे बिहार मे नीतीश कुमारक नेतृत्व मे एनडीए मजगूत अछि। ओ आरसीपी सिंह के जन सुराज मे सम्मिलित हेबा पर अपन प्रतिक्रिया मे कहलनि जे एहि सँ एनडीए के कोनो असरि नहि पड़त। श्री हुसैन दावा कयलनि जे आगामी चुनाव मे एनडीए दू तिहाई बहुमत सँ सरकार बनाओत।

——————————————————————

पश्चिमी विक्षोभक सक्रिय हेबाक कारण प्रदेशक केतको भाग मे आइ मेघ गरजबाक संगहि वर्षा भेल अछि। दरभंगा, अररिया, मधेपुरा, पटना सहित आन कतेको क्षेत्र मे वर्षा के कारण लोक सभ के भीषण गर्मी सँ राहत भेटल अछि। मधेपुरा जिला मे सिंहेश्वर आ शंकरपुर प्रखंड मे ठनका के चपेट मे अयला सँ फराक–फराक घटना मे दू गोटे के मृत्यु भऽ गेलनि। हमर संवाददता जनौलनि जे अररिया मे मूसलाधार वर्षा हेबाक कारण कतेको स्थान पर जल जमाव के स्थिति उत्पन्न भऽ गेल अछि। एम्हर मौसम विभाग पटना सँ भेटल जनतबक अनुसार राज्यक बेसीतर भाग मे मेघ गरजबाक संगहि वर्षा हेबाक संभावना अछि।

——————————————————————

समस्तीपुर जिलाक कल्याणपुर थाना क्षेत्र अंतर्गत मोहनपुर टाड़ा इलाका मे अपराधी सभ एक आभूषण दोकान सँ दिन–देखाड़े पैतीस लाख टाका मूल्यक गहना लूटि लेलक अछि लूटेरा सभ विरोध करबा पर आभूषणालय मालिक फूल बाबू साह के गोली मारि कऽ गंभीर रूप सँ घायल कऽ देलक। हुनका स्थानीय अस्पताल मे भर्ती कराओल गेल अछि। पुलिस पूरा मामिला छानबीन कऽ रहल अछि।

————————————————————

राजस्व आ भूमि सुधार मंत्री संजय सरावगी मुजफ्फरपुर जिलाक मुसहरी अंचल कार्यालय मे अनियमितता के शिकायत पर कड़गर कार्रवाई करबाक निर्देश देलनि अछि। श्री सरावगी कहलनि जे अंचल कार्यालय मे दलाल सभक उपस्थिति आ दलाली के लऽकऽ आम लोक सभ सँ लगातार शिकायत भेट रहल छल। ओ कहलनि जे एहि संबंध मे विभागक अपर मुख्य सचिव दीपक कुमार सिंह के जांचक निर्देश देल गेल अछि। एम्हर अपर मुख्य सचिव जिलाधिकारी सँ पूरा मामिलाक जांच कऽ एक सप्ताह के भीतर रिपोर्ट देबाक लेल कहलनि अछि।

————————————————————

दरभंगा जिलाक सिमरी थाना मे पदस्थापित सहायक अवर निरीक्षक अनिल कुमार तिवारी के शराब कारोबारी सँ रिश्वत लऽकऽ छोड़बाक आरोप मे निलंबित कऽ देल गेल अछि।

————————————————————

समाप्त